

Name: _____

Date: _____

PH Drama Kelas XI

Penilaian Bahasa Daerah Bab Drama Kelas XI

1. Perangan wiwitan crita kanggo nepungake tokoh, swasana lan bibit kawit tumuju crita sabanjure, ing struktur teks drama diarani...

- A Owahaning crita
- B Jejer
- C Pungkasan crita
- D Pasulayan
- E Pangudhare prakara

2. Perangan dumadine prakara sing kudu diadhepi dening paraga, ing struktur teks drama diarani...

- A Pungkasane crita
- B Jejer
- C Owahing crita
- D Pasulayan
- E Pangudhare prakara

3. Perangan pungkasane pasulayan utawa dredah, ing struktur teks drama diarani...

- A Pungkasane crita
- B Jejer
- C Owahing crita
- D Pasulayan
- E Pangudhare prakara

4. "Bapak wis turu wiwit sore, sajake kesel banget."

Ukara kasebut menawa diowahi dadi basa krama alus yaiku...

- A Bapak wis sare wiwit sore, sajake sayah banget
- B Bapak wis tilem wiwit sore, sajake sayah banget
- C Bapak sampun sare wiwit sonten, ketingalipun sayah banget
- D Bapak sampun sare wiwit sonten, ketingalipun kesel banget
- E Bapak sampun tilem wiwit sonten, ketingalipun sayah banget

5. "Ibu... ..jajanan kathah saking peken."

Tembung kang trep kanggo ngganepi ukara kasebut yaiku...

- A Mbeta
- B Tumbas
- C Mundhut
- D Tuku
- E Nggawa

6. Sutradara iku sing gaweane...

- A Ngatur/mimpin lakune drama
- B Nulis naskah
- C Meragakake tokoh
- D Ngganteni tokoh sing ana alangan
- E Meragakake paraga protagonis

7. Ludruk, kethoprak, wayang, kalebu jinise drama...

- A Komedi
- B Tragedi
- C Klasik
- D Modern
- E Tradhisional

8. Sajrone jinise drama, ana jinise drama dhukaria, apa tegese...

- A Drama edan-edanan
- B Drama sing critane bungah terus
- C Drama sing critane sedhih terus
- D Drama sing critane sedhih lan bungah
- E Drama sing critane horor

9. Apa sing diarani drama sedhih iku...

- A Drama edan-edanan
- B Drama sing critane bungah terus
- C Drama sing critane sedhih terus
- D Drama sing critane sedhih lan bungah
- E Drama sing critane horor

10. Ing ngisor iki kalebu ciri-cirine basa lisan, kajaba...

- A langsung
- B ora kaiket dening gramatikal
- C ora efektif
- D ukarane dawa
- E lagune situasional

11. "Sing abang iki regane pira, Bu?"

Yen diowahi dadi basa krama alus yaiku...

- A Sing abrit niki regine pinten, Bu?
- B Sing jene niki regine pinten, Bu?
- C Ingkang abrit menika reginipun pinten, Bu?
- D Ingkang jene menika reginipun pinten, Bu?
- E Ingkang abrit niki regie pinten, Bu?

12. Panitia sing kebagiyan nyiapake pakean sing arep digawe paraga drama yaiku...

- A Operator
- B Sie kostum
- C Sie dokumentasi
- D Sie make-up
- E Sie dekorasi

13. Bagian naskah drama kang lumrahe isi dudutan crita, kadhang kala ditambahi piweling lan atur panuwun yaiku...

- A Pasulayan
- B Koda
- C Jejer
- D Pangudhare prakara
- E Dialog

14. "Wingi bapak lagi mulih saka omahe simbah."

Ukara kasebut dadekna krama lugu...

- A Wingi bapak nembe wangsul saking daleme simbah
- B Wingi bapak nembe wangsul saking griyane simbah
- C Kalawingi bapak nembe kondur saking dalemipun simbah
- D Kalawingi bapak nembe wangsul saking daleme simbah
- E Kalawingi bapak nembe wangsul saking griyanipun simbah



15. Kang dadi juru paes kanggo paraga pagelaran drama yaiku...

- A Operator
- B Sie kostum
- C Sie dokumentasi
- D Sie make-up
- E Sie dekorasi

16. Sing nduwe tugas ngatur biaya sajrone pagelaran drama yaiku...

- A Ketua
- B Sekretaris
- C Bendahara
- D Sutradara
- E Operator

17. Drama edan-edanan kang nerak/ora nggatekake konvensi struktur semantik, yaiku...

- A Drama Absurd
- B Drama Waca
- C Drama Heroik
- D Drama Rakyat
- E Drama Sedhih

18. Watak paraga sing becik ing pementasan drama duwe aranan...

- A Antagonis
- B Tritagonis
- C Protagonis
- D Figuran
- E Utama

19. "Mbah, mengko yen arep mulih ben diterke Mas Budi."

Ukara kasebut menawa diowahi dadi basa krama alus yaiku...

- A Mbah, mengko yen arep kondur ben didherekake Mas Budi
- B Mbah, mangke menawi badhe kondur kersanipun dipundherekaken Mas Budi
- C Mbah, mengko yen arep mantuk ben didherekake Mas Budi
- D Mbah, mangke menawi badhe mantuk kersanipun dipundherekaken Mas Budi
- E Mbah, mangke menawi badhe wangsul kersanipun dipundherekaken Mas Budi



20. Drama kang tuwuh ngrembaka cundhuk klawan dina-dina gumbira/pestaning rakyat kang ana, utamane saka karang pedesaan, yaiku...

- A Drama Absurd
- B Drama Heroik
- C Drama Rakyat
- D Drama Ria
- E Drama Misteris